

# COVID-19

## Enfòmasyon sou Vaksinasyon



Mizajou 01/08/2021

**W ap resevwa dokiman sa a paske yo ba ouyon **Vaksen COVID-19**. Tanpri, li sa ki anba a ak dokiman atache a pou aprann plis sou vaksen an.**

### W ap resevwa:

- \_\_\_\_\_ **Vaksen Pfizer a**
- \_\_\_\_\_ **Vaksen Moderna**

### Kijan yo bay vaksen an

- Y ap bay vaksen an sou fòm yon piki nan bra ou. W ap bezwen de (2) dòz,
  - \_\_\_\_\_ **Pfizer: 17 rive 25 jou separe**
  - \_\_\_\_\_ **Moderna: 24 rive 32 jou separe.**

Dezyèm vaksinasyon ou te pwograme pandan premye randevou ou epi li trè enpòtan pou ou retounen menm kote a pou dezyèm dòz ou.

- **Randevou dezyèm dòz ou pwograme pou:** \_\_\_\_\_

### Kisa ou kapab atann konsènan efè segondè yo

- Li souvan pou gen efè segondè apre yon vaksinasyon. Sa vle di sistèm iminitè ou ap travay ak pwodui antikò Pifò nan efè segondè yo rapòte pou vaksen Pfizer ak Moderna yo pa twò grav epi yo ale byen vit, sitou avèk medikaman pou doulè yo san ou pa bezwen preskripsyon. Efè segondè komen ak espere yo se doulè nan kote yo bay piki a, fatig, maltèt, doulè nan misk ak jwenti, lafyèv, ak frison.
- Pou efè segondè inatandi oswa ki dire lontan, ou ka rele Mount Sinai vaksen COVID-19 Liy repons nan **646-605-5749**.
- **Si ou gen reyaksyon alèjik grav, rele 911 oswa ale nan sal dijans ki pi pre a.**

### Ki moun ki ta dwe ak pa ta dwe pran vaksen an

- Vaksen Pfizer la otorize pou itilize pou moun ki gen 16 an ak plis epi Moderna otorize pou itilize pou moun ki gen 18 an oswa plis.
- Si ou ansent oswa ou ap bay tete, tanpri diskite sou vaksen an ak founisè swen sante ou anvan pran vaksen an.
- Ou pa ta dwe pran vaksen Pfizer oswa Moderna COVID-19 si ou te gen yon reyaksyon alèjik grav (sa vle di, anafilaksi) nan vaksen oswa eleman ki nan vaksen an. Si w gen yon antesedan alèjik grav ak medikaman tanpri diskite sou sa ak founisè swen sante ou..